Нилъеда лъала, гIурус адабиялъул бищунго гванагьарал цIарал, «ГIасрудал чирахъал, пикрудул нартал» - александр пушкин ва Михаил лермонтовасулгIумруялъул кунал тIуна цIакъ гIолохъанго. Жеги бакъ къалъилелде свана гьезул гIумру, дуниялалъул адабиятальe хвел гьечIеб нахъретелги тун. ГIагашагарго гьебго ахIвал-хIал букIанин абизе бегьула дол гIасрабазда кавказалдаги.

Щивав чияс тIоцебесеб иргаялда борчизе ккolaан тIад лъикIаб, мухIканаб ярагъ. Гьеб букIана къадруялъулги, цо-цо мехалда инсан кинаб социалияб хIокIида вугевали бихьизабураб гIаламатги. узденчияс ахирисеб гIарац кьунги босулаан лъикIаб, тIад гIарац бекьараб ханжар - рачел, таманча, ретIел-хьит ва лъикIаб чу.

Гьеб букIана чара гьечIеб шартI, хутIараб кинабго - хадуб. ГIусазул дуэлъ гIадаб хасал шартIал ругеб рагъ магIарулазул букIинчIо, амма рукIана кагътиде росичIел мугIрузул законал гIасрабаца гIасрабахъе, гIелаз гIелазухъе кьун цIунарал.

ХIатта тушманасдацин нахъасан бальго гулла речIчIизе бегьуларoан, рагъ гьабизе ккolaан бадиса бадибе, хасго кIудияб рогьолъун букIана тIад ярагъ гьечIев чиясда, яги гьоболасде квер борхи. Гьеб нилъеда якъинго бихьула аваразул халкъияб кIалзул гьунаралъулъ, кучIдузулъ, къисабалъ, харбалъгун кицабалъ, магIабазулъгун, халкъияв кучIдулъ. Тушманасда бальго речIчIизе бегьунгутIиялъул мисал. «ГIалил МухIамадил ва кари милхIажил» кочIолъ эмен чIварав чиясдаса къисас босулев васас абулеб буго: «вачIаха ле, тушман, танчил рагъ базе Цебе речIчIизеги мунгоги телин...» - абун. Гьалдасаги нилъеда бихьулеб буго хIатта квер цебе ккарас босулеб къисасалъулъцин магIарулас къадруялъул гIорхъабаздаса къватIибе гали бегьулеб гьечIолъи. Гьединабго бахIарчилъиялъул ва къадру цIуниялъул мисал нилъее бачунеб буго машгьурав «Хочбарил», аваразул халкъияв бахIарчиясул кочIоца.

Гьениб аслияб рогьолъун рехсолеб буго гьоболасе рекIкI гьабизе бегьунгутIиялъул къанун хвезабиялъ. ГIадада гуро цIадаве унев Хочбарица халкъалдехун вуссун абулеб бугеб: Хиянатаб тIалъи ва тIекъаб ханлъи Халкъалъе хутIила дир кици - бицен Эркенлъи бокьарал къалул васац кьела дир хабарал цереса цере...» - ян. Къунагури гьеб бицен гIасрабаца нилъер умумуца цоцахъе. Хочбар вукIараб заманги лъалеб гьечIо, щив ханас гьесие хиянат гьабурабги баянлъичIо, кинав шагIирас гьаб хIикматаб асар хъварабалиги билана. амма нус-нус сонаца магIарулаз мисаллъун рехсон лъималазда цIар лъолеб буго бахIарчиясул ва нагIана кьолеб буго хиянаталъе.

Цо-цояз Хочбар абурав чи вукIин лъида лъалебин щакдараби загьир гьаруниги, хIакъаб жо буго магIарулаца хIужаялда тIад бижараб гурони шигIру-кечI наслабахъе кьечIеблъи. Щай? Щай гурелъул гьечIев ханасдеги, гьечIев Хочбаридеги шагIирас кечI хъваларoан, хъваниги халкъалъ къабулги гьабулароан, гьав чияс сундул бицунеб бугин, гьав щайтIабаца ккун вугиланги абилаан. Гьел ралъдахъ ралагьун кучIдулгун къисаби шагIирзабаца ургъун рахъулеб заман бачIана къоабилеб гIасруялда хIуррият бергьун хадуб. пачалихъалъул заказаз, книгоиздалъул гонораразда мухъ рикIкIун реххулел мугьаз. Гьеб батIияб заман ва батIияб тарих буго, гьелъул бицинаро.

Дица гьадал гIурусазул дворяназулгун аристокртазулги, магIарулазул уздензабазул, чIункIбузул, бегзабазул ва нуцабазул тарих ва къадру цIуниялъул тема щай гьаниб бачараб? Щай гурелъул, жакъасеб щайтIан дуниялъул ва инсанасул берaлдаса ва гIиналдаса хехго информация цоцахъе щолеб заманалда хасго вахIшияб, хIалихьатаб ва рекIкIаб буго ярагъги, чияс чиясдаса босулеб къисасги. Гьанир гьечIо киналгIаги я законалъул, я шаргIалъул, я гIаданлъиялъул гIурхъаби. Цо вахьнаяс бецIаб рокъов мониторалда нахъаги вахчун макъу ва хIалхьи билизабулеб буго нус-нус, азаазар чиясул. Гьесул рагIабазухъ жаваб тIалаб гьабизе кIолеб гьечIо я гьесул чорокльиялъул къорикье ккараз, я жамгIияталъ, я пачалихъалъгун законалъ. ТIубанго къадруялда ва бихьинчилъиялда къоно чIвараб бачIанин гIасруян абизе бегьула.

Хабар лъикIаб рагIайги.

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

*Дин ва гIумру*

# Къурбан хъвеялъул хиралъи

**Аллагьасул Расуласул (с.т.г1.в.) гIемерал хIадисал рачIана къурбан хъвеялъул хиралъиялъул бицарал. Гьаниб гьоркьехун цо-цо хIадисазул магIнаби хъвалел руго, гьел хIадисал рихьизе, лъазе бокьарав чи ваккизе бегьула хIадисазул машгьураб тIехь «Канзул гIуммалалде».**

1. Къурбан къоялъ Адамил лъималаз гьарурал лъикIал гIамалазул бищун Аллагьасе бокьулеб гIамал би гIодобе тIей буго (къурбан хъвей) буго. ХIакълъунго гьеб (къурбаналъе хъураб жо) Къиямасеб къоялъ бачIине буго жиндирго лълъурдулги расалгун щинкIилалгун, хIакълъун гьелъул биги (къурбаналъул) ракьалде тIинкIилалде Аллагьасда аскIоб кIудияб бакIалде бахуна, гьединлъидал нуж гьелдаса (къурбаналдаса) рохун рукIа (гьаб хIадис Абудавудицаги, Тирмизиясги, ХIакимицаги бицана Аллагь разилъаяй ГIаишатидасан).

2. Щив чи вугониги ракI разиго жинца къурбан хъурав, кири щвезе букIиналда ракIги чIун Аллагь разилъиялъул мурадалда гьеб къурбан гьесие жужахIалда цебе пардавлъун чIола. (Гьаб хIадис бицана Аллагь разилъаяв ГIали асхIабасул вас ХIасанидасан).

3. Къурбан къоялъ бищун Аллагьасе гIарац хвезабизе бокьулеб бакI къурбаналъе хъвезе жо боси буго. (Гьаб хIадис ТIабаранияссги Байгьакъияссги бицана Аллагь жидедаса разилъаял ГIаббасил вас ГIабдуллагьидасан).

4. Къурбаналъе хъолел хIайваназул бищун хирияб – багьаб хириябги, бищун къарияб буго. (Гьаб хIадис АхIмадицаги ХIакимицаги бицана).

5. Байгьакъияс бицараб хIадисалдаги бищун Аллагьасе бокьулеб къурбаналъул хIайван бищун багьа тIадегIанаб ва бищун къарияб бугилан абун буго.

6. Хирияв аварагас (с.т.г1.в.) жиндирго яс ФатIиматида абуна (магIна): «Я ФатIимат, мун дудаса къурбан хъолаго гьелда аскIой яхъун чIа, дуда лъаларищ гьелъул тIоцебе тIири тIинкIараб сагIаталъ дуца гьабурабщинаб мунагь чурула, дуда лъаларищ гьеб къурбан Къиямасеб къоялъ жиндир гьангун бичун бачIуна лъабкъоялда анцIго нухалъ цIикIкIинеги гьабун ва гьеб дур гIамал цIалеб цIадироялда тIадги лъола. Абу СагIидил Худрияс абуна: «Я Аллагьасул Расул, гьаб жо МухIаммадил агьлуялъе хасаб жойищ. Хасаб батани, гьел гьелъие мустахIикъалги руго, яги МухIаммадил агьлуялъеги цогидазеги гIаммаб жойищ. Гьес абуна: «Гьеб буго МухIаммадил агьлуялъеги цогидазеги гIаммаб жо»,-ян. (Гьаб хIадис ибну Аби Дуняцаги цогидазги бицана).

7.Задубну Аркъамица бицана асхIабзабаз гьикъанила: «Я, Аллагьасул Расул, гьеб къурбан хъвей щиб жо кколеб?» Гьес абуна: «Нужер эмен Ибрагьимил дин буго»,-ян. Гьез гьикъанила гьелдаса жидее щиб букIунебилан. Гьес абуна: «Щибаб рас рикIкIун лъикIлъи хъвала»,-абун. (Ибну Занжавиятицаги ибну Мажигьицаги бицараб хIадис).

8. Дайламияс бицараб хIадисалдаги абулеб буго, Аллагьасул Расулас абунила, нужеца къурбаналъе хъолеб хIайван кIудияб хъве, гьеб Къиямасеб къоялъ нуж тIад рекIунеб жо бугилан. 9. Байгьакъияс бицараб хIадисалда буго: «Къурбаналъе хъураб хIайваналъул бидул щибаб тIири рикIкIун лъикIлъи хъвала», -абун. («ИтхIаф», т. 4, гь. 746). Суннатаб къурбан хъвей суннатаб садакъаялдасаги хирияб буго.

**Расул МУХIАММАДОВ**

ЖабрагIил ХIасанов

## Х1ежалде унезде аманат

Дирги салам бице Аварагасда:
Абе загIипав лагъ танин магIарухъ.
Жиндихъе вачIине гIажизлъаниги,
ГIузрабазул цIураб черх бугониги.

Абе Расуласда расги лъикIаб хIал
ГьечIин дир ракIалъул рикIкIад магIарухъ,
Дуй гIоло бижараб дуниялалда
Дур рехсей гьечIого анин дир сонал.

Абе ияхI гьечIеб дир черхалъухъа
Чанги къабихIаб иш лъугьун бахъанин.
АхIи-хIуралъ цIураб дуниялалда
ХIуралде вуссунев кIочон тун бугин.

Абе исламалъул нухде лъугьине
Дун кватIун ватанин, канлъи бихьичIин,
Кепкил пайда гьечIеб гьаб дуниялалъ
Дун гIодов тIамунин, тIад басанданин.

Абе БетIергьанас битIараб нухде
Дуй гIоло вачанин дун - загIипав лагъ.
Щукруги Бичасе даимаб бугин
Дур умматалдаса вижун ватиялъ.

Абе, ХIабибасда, Аллагь гурхIулеб
ХIалго батуларин гьаб дир напсалъул,
ХIалихьалъиялъул цIураб къаркъала
КъватIиб бахъунелъул аманат бугин.

## Дуда бичIчIа, гьудул, нуцIа къарабго...

Дуда бичIчIа, гьудул, нуцIа къарабго,
КъватIирехун чагIи чиярал рукIин.
Чохьол эбелалъги мун гIодичIого,
Керен киданиги дуе кьечIеблъи.

Дуда бичIчIа гьудул, чIвазеги кьотIун,
Гвандинив рехарав лагъ мун вугевлъи.
Кин балагьаниги гьаб ракьалда тIад,
Хвел тун батIияб жо батулареблъи.

Дуда бичIчIа, гьудул, гьаб нилъер дунял,
Дуда кодоб кьураб аманат букIин.
ГIужда налъи кьезе рекъараб букIин,
РукъалъухЪ, ресалъухъ балагьичIого.

## Бокьуларо

Бокьуларо рии араб мехалъ мегъ,
Поезд араб мехалъ хутIараб билет.
ГьабичIеб инжитлъи жинца течIев чи,
Авараг киниги таргадаравго.

Рокьуларо дие бетIер гьечIелги,
БетIергьан щивали кIочон таралги.
КIудияб цIаралда цIоб гьабичIелги,
ЦIадаре умумул жинца гьолелги.

Бокьуларо дие лъиени гIоло,
Лъицаниги дие гьабулеб кумек.
Аллагь тун батIияб жо гIилладе ккун,
Гьаб дир кавуялда квалулев инсан.

Рокьуларо дие гIагарал чагIи,
ГIагарде кидаго дида къаларел.
Урхьун вукIанилан къвал дида балел,
Жидер къваригIелалъ къавулъе щварал.

Бокьуларо цойги цоцахъ балеб ракь,
Гьаб цолъи гьечIеб иш, гьабулеб дагIба.
МагIарул халкъалъе машгьурлъун ругел,
Малакь жал рукIине рекъарал чагIи.

Бокьуларо щибго тIоритIел гьечIеб,
Гьаб ракьалъ хIехьараб, хIалалъ баччараб.
Гьадинги гIадалав гIадамил лъимер,
ГIадада хвеялъе ургъарабщинаб.

Вокьула дий гIицIго БетIергьан Аллагь,
Жив ритIухъав, хIакъав, вукIин ракIчIарав.

Шагьрухан ТIалхIатов

## ТIаса лъугьа, Аллагь,

ТIаса лъугьа, Аллагь, дир хIакъаздаса,
Дуй бетIер къуличIел дир къояздаса,
Совет хIукуматалъ дие гьукъараб
Динги гьабичIого дун чIеялдаса.

ТIаса лъугьа, Аллагь, кантIизавизе
Кколел дарсал дие кьолел рукIинчIин,
КьуричIого рекIелъ мун вукIиналъе
РакI цIалеб гIадинаб цIалиги лъачIин.

ТIаса лъугьа, Аллагь, дир гIадлу гьечIеб
ГIумруялъул хьвади бихьун батани,
Къисматалъ вачараб чорокаб нухда
Чарлъарав дидаги мунагьал кканин.

ТIаса лъугьа, Аллагь, динияб рикъзи
Данде бакIаризе кIвечIев дидаса,
Дуе какал разе, кири гьабизе
КантIизе кватIарав дур лагъасдаса.

***

Унго дур берцинлъи, цере кверал ккун,
ЦохIо Аллагьасе гьардолеб мехалъ.
Цинги дур яцIцIалъи, цIодорлъиги гIун,
ЦIализе гьеб Къурълан цебе босигун.

Кири гьабиялъе, хIакъ чуриялъе
ХIадурун йигей дуль бугебин лъикIлъи,
Лъилгоги рахъалъан къабуллъула дий
ЦохIо Аллагьасе къули даимлъи.

## ТIубаларо мурад ...

АхIун ватилевин, хIалхьун вуссуна
ХIежалде унезухъ щибаб соналъ дун.
Щукруги цIикIкIине дица гьабула,
Гьелъие санагIат батилин абун.

Дун гьеб талихIалъухъ урхъаниги щиб,
Ине санагIат дир кколеб гьечIелъул.
КигIан ургъун данде гьаруниги щиб,
Гьал рацIцIадал гъурщал щун вохуларо.

ИяхI гьечIеб боцIул чиги гурелъул,
Чоде вахинчIого, хутIана гьанив.
Халикъ кIочон тараб къоги гьечIелъул,
Къисмат берцинлъичIо, хIежги борхун, дир.

ТIубаларо мурад, лъикIлъуларо хIал,
ХIакъав БетIергьанас тIад кьаниги гьеб.
Дун гьанив гьадинго вижичIеблъи лъан,
ТIинкIун буго иман дир рекIелъе Гьес.

Маккаялде вачIун, как бачIониги,
Кири хъвалародай дун – мискинасе.
Свалат-салам лъеяв Аварагасул
Хоб цо макьилъгIаги бихьулебани.

Дица расуласул иманалдалъун
Аслиябщинаб жо хIалтIизабула.
ХIисаб-суалалде жаниве ваккун,
Жавабал кьоледухъ, витIун хьвадула.

Гьаялъи кколареб, кантIи тIагIинчIеб
ТIагIат-гIамал гьаби – гьебги лъикIабин.
Диналъе кIарчамлъи бихьизабичIеб
Гьеб хьвади гуребдай – хьулазе канлъи.

## Мажгиталъуб

Гьаниб жаниб жакъа тIеренлъараб ракI
ТIокIалъ киданиги биццалъиларо,
Цоцазда гъуждул цун, гьаниб бараб как,
Кириялъе букIин кIочон теларо.

ТIаса лъугьа, Аллагь, хIакъаздасайин
ХIакъдезе тIамуна тIинкIун магIугун,
ТIеренаб жойилан теларо налъи,
ТIубалаго гьебгун хвезе вуго дун.

Дибирас цIалулел лъикIал вагIзабаз
РагIалде вачунев кантIизавуна,
Ккарабщинаб мунагь дирго чуризе
Чорхол хIал бугогIан гIодой къулила.

Иманалъухъ инсан къечезавулеб
КьулгIалъун батана Аллагьасул рукъ.
РекIекълъана чанги гьабун-таралда,
Тавбулъун лъугьана дунялалъул рукъ.

МухIамад ХIАСАНОВ

## Эбелалде

Араб сахлъиялъул хивалги гьабун,
Сабурго ялагьун йиго дир эбел.
ГIумруялъул согIал саналги хIехьон,
ХIухьбахъизе чIарай херлъарай эбел...

Эбел, дур соназул сверелабазда,
Саву тIад ккун буго тIугьдузул бакIихъ.
Къваридго тIамурал арал соназда,
ГIазу тIупун буго, тIад цIер къан буго.

БацIцIадаб гIумрудул къадруяй эбел,
Щиб къо бихьаниги чаранлъун чIарай.
Къадрияб кьолболъа магIарул чIужу,
КIвечIо мун къуркьизе кьогIал соназда.

Сабурал беразул нур босун буго,
Гьайбатал лугбазул сси хисун буго.
Берцинаб гьурмада дангъва чIван буго,
ЧIегIерал гъалазда саву ккун буго.

Эбел, ана гIумру, сверана сонал,
Свине течIо дуца горда тIад чирахъ.
Сапар бухьун арал гьиналъул васаз
НуцIа къириларин дур хьул хун гьечIо.

ГIагарай, сабурай, гьаримай эбел,
Гьасде къулун йиго, къваридго йиго.
Къаси сордо буго гьалда тIад рещтIун,
Къалъун рогьел щвелин йиго гьей пулан...

Ва хIалимго вачIун гьиналъул васас
Бегьун кьелин гьалъухъ бакараб чирахъ.
Наказдаги къулун къваридго угьун,
Щурилин – эбел мун тIаса лъугьаян.

Ана дур дол васал доре рикIкIаде,
Къо-мех лъикIги гьабун, тIад руссинилан...
Цояв ана тIокIалъ вуссунарелъув,
Цогияс абуна кватIун щвелилан.

Эбел йиго гьале жеги жакъаги,
Нухде ялагьарай васазда хадуй.
Гьел араб рахъалда, доб сухъмахъалди,
Гьезул хIатIил тIвапи рагIулеб гIадин.

Араб гIумруялъул хивалги гьабун,
Сабурго ялагьун херлъарай эбел!
Гьелъул горда чирахъ бакухъе буго,
Гьанситоялъухъ цIа бакухъе буго...

## Занахъ балагье

КIебкIида яхI бичун лагълъи дургъуге,
Гъурщихъ восун гIечIин мун дур бабае!
ГIарцуда иман лъун щаклъи ургъуге,
Шагьиялда данде лъечIин дадае!

Жакъа заманаялъ занахъ балагье,
Балагьун гIунула дуда бадибе.
Бабал гьумер дуе гьениб бакула,
Дадал берзул ишар ишаналъ лъола.

Аралъул пикрабалъ роххелги ццинги,
Цинги ахирлъила аб дуниялги.
Цо рагIадал дуда аскIор рещтIина,
Цогидал дудаса рикIкIаде ина.

## Алжанги дармида лъураб дуниял

Гьанже Алжаналде иман лъураца
Азарил томенал тахида лъола.
Аллагьасул цIаргин цIоб гьарулеца
Гьарзаял гъурщазул гьамас рагьула.
Алжанги дармида лъураб дуниял,
Динги шагьиялда гъураб дуниял.

## Гьанже шагьиялде…

Гьанже шагьиялде шагьар бичула,
Шагьаралъул ханас хъулби гIуцIула.
Гьанже кIебекIалде жавгьар чучула,
Жагьилас рекIетIа тIулби цIунула.

Ракьалда баччулеб тIалуялъ бакIлъи,
ТIалуда бахчулеб чорокаб тIанкIлъи.

Дин ва гIумру

# Садакъа кьеялъул хиралъи

**Дуниял бижаралдаса нахъе Исламалъе кумек гьабизе рес щвеялъул рахъалдаса гьадигIан гьарзаяб ва ресал гIемераб заман букIун батиларин рикIкIунеб буго цIаларал, кIудиял чагIаз. ХIакъикъаталдаги нилъеда бихьухъе, АльхIамдулиллагьи, Аллагьасе рецц буго Ислам къойидаса къойиде гIатилъулеб буго ва кисакибего тIобитIулеб буго. Гьеб дин тIобитIиялъеги аслияб сабаблъунги кколеб буго сахаватал диналъул вацал, гьел рукIинчIелани киса-кирего тIолабго улкаялдаго гIемерлъилароан мажгитал ва мадрасал.**

Нилъеда лъала хIукуматалдаса щолеб кумекги цIакъго гьитIинаб букIин. Гьединлъидал Аллагьасе рецц буго, нилъеца нилъерго буголъи, харж лъикIаб рахъалдехун буссинабизе, ай мажгит лъезе мадрас борхизе, жиндийго Аллагьас кьураб ресалдаса муфагIалъиги босун.

Нилъеда лъала нилъер киназулго росабалъ рукIарал мажгитал Аллагьасул рукъзал, гьоразде, бокьазде, складазде руссинарун рукIараллъи. Бокьарав кIудияв чиясда гьикъани бицила.

Нилъер щивас хIаракат бахъизе ккола лъикIаб гIамалалдалъун ахираталда кIудияб нахърател тезе. Лъил кинаб гьунар батаниги, жиндиего Аллагьас кьураб гьунаралда рекъон. ГIакълу бугес жиндирго гIакълуялдалъун, ризкъиялдалъун ва.гь.ц, гьеб бугила хIакъикъияб къагIидаялда Бичасе закагIат бахъи.

Аварагасул (с.т.гI.в) хIадис бугила гьадинаб: **«ХIакълъунго садакъаялъила, хабал бухIи свинабунила инсанасе, хабалъ жанив инсан лъедал, гьениб хIисаб-суалги бажарулеб гьечIони, хобги боркьизабулеб бугонани, гьеб бакIалда инсанас кьун тараб садакъа батанани, яги жив хун хадуб кьураб, яги жив чIаго вукIаго кьураб, гьеб садакъаялъ хабал бухIи нахъчIвалила. КигIанасеб къадар садакъаялъул кьун букIун батаниги, гьеб садакъаялъул рагIдукь вукIине вугила къиямасеб къоялъ гьев бусурбанчи».**

Къиямасеб къоги нилъеда лъалаха кинаб букIине бугеб. Гьединго цоги аварагасул (с.т.гI.в) хIадис буго, гьаб хирияб моцIалъ вакъарав чи кваназавиялъул бугеб кириялъул: **«Щив чи вугониги жиндирго диналъул вац, чедги лъимги кьун кваназавуни, гьаниб батIи-батIияял нигIматазул бицунеб гьечIо, гьев чи жужахIалъул цIаялдаса анкьго хандакъалъ рикIкIад гьавулин. Цо хандакъалъул гъварилъи ва гIатIилъи бугила анкьнусго сонил манзил».**

Гьединго диналъул вацал, аварагасул (с.т.гI.в.) хIадис буго, нужецайила, тIокIаб батIияв къагIидаялда садакъа гьабизе рес батичIони, лъикIаб хабаралдалъунгIаги гьабейила, ай лъикIаб хабар бицинги садакъалъун рикIкIунеб буго. Ресалда рекъон щивав бусурбанчияс садакъа кьолеб бугони, ахираталда гьелдаса кIудияб кумек буго.

Буго цо гьадинаб хIадисги аварагасул (с.т.гI.в.) **«Нилъеда тIаде щвезе бугила цо гьадинаб заман, садакъаги босун мун цо пуланав мискинчиясухъе анани, гьес абизе буго, мун кватIана, сон-церекьад гьеб садакъагун мун вачIун вукIаравани дица босилаан дудаса гьеб, дие садакъаги щвана, дунги ресалда вуго АльхIамдулиллагь! Гьеб садакъа босулев чиги ватичIого, лъихъ аниги гьеб къабул гьабулев чиги ватичIого нахъ вуссинавизе ккезе вугила гьев чи».**

Нужеца пикру гьабе диналъул вацал, гьединлъидал жакъасеб къоялъ нилъее рес щвеялъухъ Исламалъул, диналъул, хIалтIуе гIоло харжал хвезариялъухъ, нилъеца щукру гьабизе ккела. Гьеб рес нилъее кьуравги БетIергьан Аллагь вугелъул. Гьеб гIарац бикизе сахлъиги заманги кьурав Аллагь вугелъул.

Гьеб сахлъиги заманги гIарац бикиналъе тIад хьвадизе ракьалги кьурав ТIадегIанав Аллагь вугелъул. Гьединлъидал нилъеда ракIалде ккезе бегьуларо нилъерго гьунаралдалъун, нилъерго захIматалдалъун нилъеца кутакаб хIалтIи гьабулеб бугин. Кинавгоо бусурбанчиясда кIочене бегьиларо кинабго жо нилъее Аллагьасдаса бугеблъи. ХIаракат бахъизе ккола Аллагьасе бокьараб рахъалдехун садакъа кьезе. Аллагьас нилъ садакъа кьолездаса ратайги. Ассаламу гIалайкум!!!

**ГIабдурахIман-хIажи ГIУМАРОВ,**
**Ланда росу**

# Лъимал ва улбул

**Исламалъ кIудияб кIвар кьола лъималазе тарбия кьеялде. Лъимал умумузе руго роххеллъун ва рекIел гьейлъун. Гьел лъикIаллъун рахъани, шапакъаталги щола. Амма умумул лъималаздаса чIухIани, гьезда дин малъичIони, бахьикъосарал лъималги рахъун, умумул къварилъула.**

Муъминчиясда лъазе ккола лъималазе тарбия кьеялъ гIумруялъулъ кколеб бакI. ГIемерисеб гьеб пиша хутIула чIужугIаданалда тIад, щайгурелъул, бихьинчи хъизан хьихьизе хIалтIизе кколелъул. Амма цо-цо руччаби къосун ккола, лъималазда гурхIун, гьезул гIунгутIаби росасдаса рахчула, гьес лъималазе гьабулеб гIадлу кьварун бихьун. цинги лъимал кIудиял гIедал, жалго гIемер гIодизеги ккола.

Аварагас (с.т.гI.в) кIвар гьабулаан лъималазе тарбия кьеялде. Къуръаналдаги абулеб буго нужерго хъизан жужахIалъул цIаялдаса цIунейила. Гьелъул магIнаги ккола лъимал къосине течIого, битIараб тарбия кьейин абураб. Лъимал Аллагьас , нилъее аманат гьарун кьун руго. Гьединлъидал нилъеца гьезда малъизе ккола диналъул аслу ва диналъул битIараб нух ккун хьвадизе. Кинай эбелалъе бокьилеб жиндир лъимер цIадаб бухIизе. ГIинда рагIизе вахIшиял рагIаби руго. Амма гьезулъ ритIухълъи буго.

Цониги эбелалъе бокьиларо лъимадул тIогьиса килищцин бухIизе. Гьединлъидал нилъеда тIадаб буго лъимал къосине течIого, Аллагьасул кумекалдалъун битIараб диналъул нухде ккезаризе хIаракат бахъизе. Гьаб буго цIакъ квешаб заман. БатIи-батIияял рикьалаби руго, масала, вагьабизм гIадинаб. Гьелдаса лъимал цIунизе ккола. ГьитIинго бичIчIи кьечIони, кIудиял гIедал гьел нилъехъ гIин тIамичIого, Сверухъ ругезухъ балагьун къосине бегьула. Гьединлъидал, цогидалги жидеда хадур цIалеллъун, къосине гьаризе чIолареллъун рахъинелъун тарбия кьезе ккола. Гьаб буго лъикIаб заманги. Щайгурелъул, дин гьабизе гьукъун гьечIо, гIелму-лъай къвакIарал, ритIухъал гIалимзаби гIемер руго. Гьелдаса нилъецагоги пайда босизе ккола ва лъималаздаги малъизе тIадаб буго. цебе нилъер улбузе захIмат букIана жидецаго бахчун дин гьабуниги, лъималазда гьеб малъизе. Амма кигIан захIмат букIаниги Аллагьас къуват кьуна бацIцIадаб дин Дагъистаналда цIунизе.



Психологаз абула лъималазда рагIуларин, бихьулин. Гьелъул магIна ккола гIемер бицараб жоялдасаги, умумуз жидецаго гьабулелъухъ балагьунги, ай гьездаса мисал босулин лъималазин абураб. Гьединлъидал, лъикIаб буго лъималазда малъизе бокьараб жо цин нилъецаго ракьа-рагIанде щун тIубазабизе.

Мисалалъе, кванда цебе Бисмиллагь бахъи лъималазда малъун хадуб, цогожо гIемер такрар гьабичIого, нилъецаго гьеб рагIун абизе лъикIаб буго. цинги лъималаздаги ракIалде щвела. Гьединго, радал лъимер тIаде бахъинабулаго, гьелде рагьичIого абуни **«АлхIамдулиллагь, мун Аллагьас чIаголъизе гьавурав макьидаса хадуб»** абун, лъималазги гьедин абила. Рокъоса къватIире унелъул, тIадруссунелъул цIалила дугIаби.

Цого хабар гIемер бицунеб бугони, лъималазда гьеб чIалгIуна, гьездe семулел, рагьулел ругони, гьезул диналдехун рокьукълъи бачIуна. Нилъеца лъималазда щибаб къойил Аллагь ракIалде щвезавила ва Гьев цо вукIин бичIчIизабила. Нилъеда сверухъ лъугьунебщинаб Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун лъугьунеблъи, гьеб БеIергьанас нилъее хъвараб къадар букIин бичIчIизабила. Лъималазда гIемер бицине лъикIаб буго нилъер аварагасул (с.т.гI.в) хIакъалъулъ.

БитIун как базе, какичуризе малъила. Бищун бигьаяб жо буго лъималаздеги семун, гьел рокъор тIамун тезе. Хасго гIемерисез ясал тола гьедин. Амма гьезда бичIчIуларо щай жидеде семулел ругелали. Гьеб бичIчIизе ккани, берцинаб хабар бицине ккола. Жал рокьулеллъи бичIчIизабизе ккола. Кибго Аллагьасе бокьулеб гьабизе, гьесда рихараб тезе малъила. Гьереси бицин, цогидал къварид гьари Аллагьасе бокьулареб иш букIин бихьизабила. ГIемерисез абуни малъула, хасго васазда, кьун чIогейилан. ГIакъилаб хабар бицун кIалъазе лъачIого, гьединлъидал, лъимал рагьула цоцалъ. Гьуинлъи тIагIуна, вахIщилъи цIикIкIуна. Лъималазда бичIчIизабизе ккола нилъ киналго Аллагьас рижарал ва Гьесда цере ращадал рукIин, гIамал кIодолъи ва кIвахI иблисалдасан бачIараб букIин, напс къинабизе кколеблъи.

Ибну-Маджадасан бачIун буго, Аварагас абунин: **«Малъе нужерго лъималазда ва гIагарлъиялда лъикIлъи гьабизе ва тарбия бугеллъун рукIине»**, - ян. Цогидал хIадисалда буго: **«Рокьа нужерго лъимал ва малъе гьезда берцинаб гIамал гьабун хьвадизе, щайгурелъул, гьел нужер сайгъат руго»; «Тарбия кьей буго умумуз лъималазе гьабулеб бищун лъикIаб сайгъат»; «Жиндирго лъимадуе тарбия кьей лъикIаб буго инсанасе, къойил садакъа кьеялдасаги»; «Малъе лъималазда чIорбутI речIчIизе, лъедезе ва чода рекIине»**. ЛъикIаб тарбия щварал лъималаздаса умумул рохула дунялалдаги ахираталдаги. Умумул хун хадубги, гьез дугIа гьабила, Къуръан цIалила.

Абу-Гьурайратица бицараб хIадисалда буго: **«Чи хун хадуб, гьесие щолеб шапакъат лъугIула лъабго жо хутIизегIан:**

I. ГIададамазе лъикIлъиялъе кьураб садакъа (мажгит, мадраса бай, лъим бачин, нухал къачIай, къоял рай, гъветI чIей), гьез чи хун хадубги пайда босулеб.

2. Хайир бугеб гIелму (хъварал тIахьал, ай инсан хун хадубги гIадамаз жидедаса пайда босулел).

3. БитIараб диналъул тарбия щварал лъимал (умумузе дугIа гьабулел, гьезда хадуб садакъа кьолел). Умумуз лъималазе тарбия кьечIони, берцинаб гIамал-тIабигIат букIинелъун, квешаб тун, лъикIаб гьабизе малъичIони ва квешлъи гьабизе гьукъулеб гьечIони, гьезул баракат гьечIолъи щола гьаб дунялалдаго гIадин ахираталдаги.

**ХIалимат НАСРУЛАЕВА**

Аварагасул ﷺ хIадисал

Абу Гьурайратидасан ؓ бачIараб хIадисалда бицунеб буго Аварагас ﷺ абунила: «Дун ﷺ гьедулев вуго дир рухI кодоб бугев Аллагьасул ﷺ цIаралдалъун, гьаб дунялалда бачIине буго заман чIвадарухъанас щиб гIиллаялъе гIоло чи чIваравалиги, чIварав чиясда жив щиб сабаблъун чIваравалиги лъалареб».

*(Муслим)*

❀❀❀

ГIаишатидасан ؓ бачIараб хIадисалда Аварагас ﷺ абулеб буго: «Квер къотIизе ккола цо динаралъул ункъо бутIа гьабун цо бутIаялъул багьа бугеб жо бикъарав чиясул». *(Бухари)*

❀❀❀

Ибну ГIаббасидасан ؓ бачIараб хIадисалда Аварагас ﷺ абулеб буго: «Аллагьас ﷺ хIакъир гьавизе вуго рихьдае жо гьабуравги гIадамазда гьеб бицаравги. Гьединав чи Къиямасеб къоялда инжитлъизеги вуго, гьединал ишал гьаруни, гьелъухъ кириги щвезе гьечIо». *(Муслим)*

❀❀❀

Абу Бакридасан ؓ бачIараб хIадисалда Аварагас ﷺ абулеб буго: «Бищунго бакIал мунагьаздасан ккола цо гурев цо чанго Аллагь ﷺ ватилин ракIалде ккейги, эбел-эмен къварид гьарун гьездехун адаб гьечIого хьвадиги, гьересияб къагIидаялъ гIадан хIакъир гьавун кIалъайги, мацI гьабиги, гIадамазде рогьо байги». *(Бухари)*

❀❀❀

ГIауфил Шубайлидасан ؓ бачIараб хIадисалда Аварагас ﷺ абулеб буго: «РагIарабщинаб жо цойгидазда бицин – инсанасул гIунги тIокIаб мунагь буго». *(Бухари, Абу Давуд)*

# Бакъул унти (малярия) бахиналдаса цIуне

**Всемирная организация здравоохраненияльул (ВОЗ) хъвай – хъвагIаялда рекъон дуньялалда 3 миллиард чи вугила бокьараб заманалда бакъул унтуца жал унтизе бегьулел, гьезда гьоркьоре уна Африкаялъул, Азиялъул, Латиназул Америкаялъул гIадамал.**

Гьаб тIадехун рехсараб (ВОЗ) организациялъул хъвай – хъвагIаялда рекъон дуньялалда унтула 200 мл. гIагарун чи, гьезда гьоркьоса 600 азарго чи холиланги бихьизе гьабун буго. Гьал ахирал соназда бакъул унтиялда данде гьабулеб рагъ цIикIкIиналдалъун 2000 абилеб соналда данде ккун гьеб унти дагьлъизе гьабизе кIванила 25%.

Гьеб унти дуньялалда тIибитIизабиялъе гIиллалъун кколила, гIемерал гIадамал цо хIукуматалдаса цоги батIи – батIиял хIукуматазде хьвади, дуньялалъул тIабигIат хиси, бакъул унти бахине гьабулел кIкIарабазул тIанчIи гьезда данде гьабулел дарабазде ругьунлъи. Гьединлъидал камулел гьечIо нилъер республикаялдаги цогидал хIукуматаздасан рачIарал гIадамаз цадахъ бачун бачIараб унтуца бакъул унтиялъ унтарал гIадамазул хъвай – хъвагIай.

Бакъул унти (малярия) буго бакъул унтиялъул кIкIарабаз (хIанчIиялдалъун) унтарасдасан сахал гIадамазде бахунеб унти. Унти бахаралдаса гьеб загьирлъизегIан заман халат бахьине бегьула 14 къоялде щвезегIан. Бакъул унтиялъ унтарав чиясде сири бачIуна, бетIер унтизе лъугьуна, гIемерисеб мехалъ радалалдасанго байбихьун. Гьеб халат бахъуна 2 сагIаталъ. Цинги сири къотIула, чорхол цIакан бахуна 38 – 400 щвезегIан ва гьеб халат бахъуна 6 сагIаталъ. Гьелдаса хадуб унти дагьлъула, гIемераб гIетI чвахула ва цIакан гIодобе ккола, унтарасе бигьалъи бачIуна. Сундасан унти бахарабали хал гьабун, гьедин сири бачIине бегьула къо гьоркьоб бахъун, кIиго къо гьоркьоб бахъун яги щибаб къоялъ.

Унтарав сах гьавизе хехго байбихьани, сири хехго лъугIула. Гьединлъидал сах гьаризе ккола гьоркьоса къотIичIого, дурусго тIуразаризе ккола врачасул киналго рихьизариял. БитIараб къагIидаялъ сах гьаричIони цо заманалдасан сири цIидасан бачIине бегьула. Гьединлъидал лъан букIине ккола сири къотIи тIубанго сахлъиялъул гIаламат гуреблъи. Гьединлъидал бакъул унтиялдаса цIуниялъе аслияб жолъун ккола унтарал гIадамал лъазари ва гьел сах гьари, кIкIарабазда данде рагъ гьаби (гьел тIагIинари, тIинчI лъугьин гьукъи) Бакъул унти ккезе бегьулел къватIисел улкабаздасаго рачIарал гIадамаздалъун, гьел чагIи гъобсагIатго медицинаялъул учреждениялде ине ккола унтун ругищали хал гьабизе. Бакъул унтуца унтарал гIадамал аскIор руговни, гьеб унтиялдаса кин цIунилел. Гьелъие цого – цо бугеб тадбир ккола кIкIарабаз хIанчIиялдаса цIуни. Гьелъие гIоло киналго тадбирал гьаризе ккола кIкIараби тIагIинариялъе, гIадамал чIарал рукъзабахъе гьел гьукъиялъе, нагагь жанире роржун рачIарал чIваялъе.



КIкIарабазул тIинчI лъугьине гьукъиялъе пайда босулел каналал, хIорал, гIисинал хьуцIал ва цогидалги лъим чIарал бакIал лъугIизаризе ккола щайгурелъул гьитIинабго хIорчIелалдаги кIкIарабаз тIинчI лъезе бегьулелъул. ГIадамал чIарал рукъзабахъе кIкIараби роржинчIого рукIине гордазда ва нуцIбузда сетка ккезе ккола.

Нилъер заманалда гьеб унти гьечIониги дагьал чIахIиял гIадамазда гьеб унти лъикI лъала хасго гIурул мухъ ккун бугел росабазул чагIазда. Бакъул унтиялде данде рагъ гьабиялъулъ медицинаялъул хIалтIухъабазе кIудияб кумек гьабизе ккола гIадамазги. ХьуцI бугеб бакIал тIагIинаризе, гьел ракъвазаризе: цIа – кан бахарал унтаразул хIакъалъулъ гьебсагIатго медицинаялъул учреждениязда лъазабизе. Гьеб киналъулго кIудияб кумек буго бакъул унтиялда данде рагъ базе ва гьелдаса цIунизе.

**МУХIАМАДОВ ХI.**
**Гъуниб ФФБУЗ «ЦГи Э» ялъул хIалтIухъан**

# Холера и ее профилактика

**Холера – особо опасная инфекция: проникающая в организм человека через рот. Инкубационной период от нескольких часов до 5 дней.**

Возбудители холеры: - вибрионы (микробы) которые проникают в организм человека через рот в месте с загрязненной водой и пищей.

Основной путь распространения инфекции: через воду, в которую вибрионы (микробы) попадают в месте испрожнениями больного человека и сточными водами. Заряжение происходит при заглатывании воды во время купания, через посуду, овощи и фрукты, вымытые сырой водой, через пищевые продукты, загрязненные в процессе их транспортировки, приготовления и хранения и через загрязненные предметы обихода (посуда, постельное белье и прочие).

Характерными признаками холеры являются: - понос и рвота внезапные неудержимые, сильно обезвоживает организм

- слабость, головная боль, головокружение, температура 350С, судорги, что может привести к смертельному исходу.

Вы должны знать, что при появлении симптомов, которые могут свидетельствовать о заболевании холерой (тошнота, рвота неукратимая, жидкий стул, видом напоминающий «рисовый отвар», головная боль, головокружение, мышечные боли, судорги, сухость кожи, мучительная жажда, слабость, сиплый голос, заостренные черты лица), необходимо немедленно обратиться за помощью к врачу.

Самолечение может усугубить Ваше состояние и привести к самым трагическим последствиям.

Меры профилактики: этой опасной инфекции и придерживаться следующих правил:

- употреблять гарантированно безопасную воду и напитки (кипяченная вода, питьевая вода и напитки в фабричной расфасовке).
- тщательно мыть овощи и фрукты безопасной водой.
- избегать питания с лотков и в несертифицированных государством кафе и ресторанах.



- При купании в водоемах и бассейнах не допускать попадания воды в рот.
- соблюдать элементарные правила личной гигиены тщательно мыть руки перед едой и приготовлением пищи, после посещения туалета.

**УВАЙСОВА А.**
**врач-инфекционист**

Надар росу



## Авар кицаби ва абиял

Инсухъ ралагьун, васги лъалевила, васасухъ ралагьун, эменги лъалевила.

Инсухъ ралагьун, яс кье, эбелалъухъ ралагьун, яс яче.

Инсуца бекьараб васас лъилълулеб.

ИнчIого къоги беццуге, вихьичIого чиги веццуге.

ИнчIого хаселги беццуге, хвечIого нуцалчиги веццуге.

ИнчIого, хвечIого чиясул къимат лъаларебила.

Ирс бикьулелъул гьоркьов хутIарав.

Ирсалъе щвараб гъамас цIураб меседалдаса васасул кверзул махщел бергьунебила.

Ихдал нилъеца кьолеб, хаслихъе нилъее кьолеб.

Ихдал хур рехун тоге, хасало рукъ рехун тоге.

Ихдал хурибе бачIони, хаслихъе цогъронибе балареб.

Ихдалил къоялъ лъагIалица кваназарулел.

## Объявление

Аттестат № 00524008095346 об общем образовании выданный Сикарской средней школой 28.06.2021 г **Алиеву Камилью Муртазалиевичу**, утерян. Данный документ считается недействительным.

ГЛАВНЫЙ РЕДАКТОР
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
Тираж 1100 экз. Индекс: 51372

Газета отпечатана в типографии ООО **"Издательство "Лотос" по адресу: 367018, РД, г. Махачкала, пр. Петра 1, 61**
Время подписания в печать: *по графику: 19.00; фактически: 19.00.*
Подписано в печать *31. 05. 2022*
Заказ ___________